



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

Key Largo School

Darren Pais

104801 Overseas Highway, Key Largo, Florida 33037

Mwen menm, Darren Pais, nan dokiman sa, mwen sètifye tout enfòmasyon, chif ak reprezantasyon ki fèt nan aplikasyon sa veridik, egzat epi konfòm avèk deklarasyon asirans pou renonsyasyon sa yo. Mete sou sa, tout lwa, règleman, ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif pou pwogram yo; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye gen pou yo egzekite yon fason pou garanti bon jan responsabilite nan zafè depans ki fèt nan kad pwojè sa. Tout dosye ki nesèsè pou jistifye egzijans sa yo gen pou yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la egzamine. Mwen sètifye tou, tout depans yo pral fèt apati dat antre an vigè oswa aprè antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini an. Dekèsman yo gen pou yo deklare sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa, epi yo p ap itilize pou fon kontrepati pou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal, kote sa entèdi.

Asirans:

- Lekòl lan gen pou l dirije sou baz definisyon legal "angajman paran ak fanmi yo", jan sa defini nan Seksyon 8101 ESSA a, epi yo ta dwe mete pwogram, aktivite, ak pwosedi yo sou pye an konfòmite ak definisyon sa.
- Lekòl la ap mennen aksyon sansibilizasyon pou tout paran ak manm fanmi yo, epi li ap mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi nan objektif pou enplike paran ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo an konfòmite ak Seksyon 1116 Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA). Pwogram, aktivite, ak pwosedi sa yo dwe planifye epi aplike avèk yon konsiltasyon enpòtan ak paran timoun k ap patisipe yo. [Seksyon 1118(a) ESSA]
- Lekòl la ap travay pou li garanti politik ki obligatwa sou kesyon angajman paran ak fanmi yo nan nivo lekòl la elabore sou baz sou-seksyon (b), chak lekòl ki desèvi nan kad pati sa ap devlope yon Angajman Kay-Lekòl ki dekri fason paran yo, tout manm pèsònèl la ak elèv yo gen pou yo pataje responsabilite konsènan amelyorasyon rezilta eskolè elèv yo ak mwayen lekòl la ak paran yo ap itilize pou konstwi ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda elve Eta a. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Nan kad aplikasyon egzijans angajman paran ak fanmi pou Tit I, Pati A nan mezi sa posib, lekòl la pral ofri tout posibilite yon fason pou paran ki pa fin metrize Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, tankou pandan l ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòm a paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm a, san wete lòt fòm a si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e)(f) ESSA]
- Lekòl la pral enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa, nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]
- Lekòl la pral itilize fon ki rezève yo nan kad pati sa pou mennen aktivite ak estrateji ki konsistan ak politik angajman paran ak fanmi yo jan yo dekri sa nan Seksyon 1116(3) ESSA a.



Deklarasyon Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi yo

Kòman plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?

Kòman plan sa kontribye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman ki gen bon jan kalite?

Key Largo School kwè, patisipasyon paran yo esansyèl pou lekòl ka ranpli misyon l genyen pou l prepare elèv yo pou yo vin aprenan pou tout lavi epi pou yo tounen sitwayen pwodiktif. Objektif plan an se pou kreye yon fèydewout pou kolaborasyon an paske KLS kwè, timoun yo aprann pi byen lè paran yo ak pwofesè yo travay ansanm. Lè paran yo pale ak timoun yo sou lekòl, espere yo reyisi, sa ede yo planifye pou inivèsite oswa pou karyè yo, epi asire yo, aktivite apre lekòl yo pozitif, timoun yo ap gen tandans pi byen reyisi nan lekòl ak nan lavi. Elèv ki gen paran ki enplike yo, kèlkeswa revni yo, kote yo soti, oswa lang yo pale, gen plis chans pou yo pi byen reyisi nan lekòl, pou yo fè plis tan lekòl, pou yo plis renmen lekòl, epi pou yo vin sitwayen ki itil nan kominote yo ak peyi yo. KLS pral asire l pou tout pwofesè yo gen gwo kalifikasyon epi angaje pou enplike paran yo. Y ap rekòmande metòd ansèyman endividyèl pou elèv ki bezwen enstriksyon siplemantè yo epi y ap ankouraje paran yo, fanmi yo pou yo patisipe nan konferans paran-elèv yo pou swiv pwogrè yo.

Enplikasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la pral enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo sa ki gen ladan l, patisipasyon paran yo epi nan pwosesis desizyon yo sou fason y ap gen pou itilize fon angajman paran yo:

Key Largo Schoo pral enplike paran yo yon fason ki òganize, kontinyèl, nan bon moman an, nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo sa ki gen ladan l, patisipasyon paran yo epi nan pwosesis desizyon yo sou fason y ap gen pou itilize fon angajman paran yo nan fason sa yo:

- Itilizasyon Remind, Instagram, Twitter, Facebook, sistèm Connect-Ed, tablo afichaj, pano afichaj lakòl la, bilten enfòmasyon, ak sit entènèt pou anonse evènman chak mwa yo ak reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl la (School Advisory Council, SAC) epi reyinyon Asosyasyon Paran-Pwofesè (Parent-Teacher Association, PTA) yo kote yo fè planifikasyon ak kontribisyon konsènan tout pwogram yo, kote yo diskite sou finansman ak desizyon konsènan sijè sa yo.
- Reyinyon SAC yo ap tou sèvi okazyon pou paran yo mande aktivite espesifik kote paran yo ap patisipe.
- Ap gen pwosevèbal pou tout reyinyon ki òganize yo san wete tip reyinyon nou pale sou yo pi wo a. Administratè sit entènèt KLS la te kreye yon kote nan sit entènèt lekòl la kote paran yo ka jwenn aksè ak ajannda epi pwosevèbal SAC yo.
- Yo eli manm SAC yo chak ane selon règleman SAC yo. Manm SAC yo bay avi sou sijesyon, chanjman, ak retrè nan Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan, PFEP) an. N ap note demann paran yo nan pwosevèbal SAC yo epi N ap aplike yo pandan tout ane a.
- N ap pèmèt manm SAC yo ak tout paran KLS yo eksprime nenpòt enkyetid, rekòmandasyon, oswa chanjman nan PFEP a ak nan Kontra Parantal la. Kontra parantal la gen espesifikman yon seksyon pou sijesyon ak fidbak anba fòmilè a. N ap prezante tout fidbak yo bay SAC epi Y ap apwouve yo ak yon akò majoritè.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la pral kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi ki vini annaprè yo avèk lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib ak apwopriye, nan objektif pou aprann paran yo kòman pou yo ede timoun yo lakay yo:

	Pwogram	Kowòdinasyon
1	Sware pou Paran Elèv k ap Aprann Pale Anglè (English Language Learner, ELL) yo	Nan patenarya ak Tit I an, nou pral gen 2 sware ELL. Sware ELL la ap fè yon sèl ak sware alfabetizasyon an nan mwa Janvyè a. Yo te ranplase sware Eritaj Ispanik la ak Sware Miltikiltirèl la k ap gen pou fèt nan mwa Me a. Y ap pataje resous ELL pou paran yo nan evènman sa a
2	Edikasyon pou Timoun Piti ak fanmi Prematènèl Volontè (Voluntary Prekindergarten, VPK) yo	Nan patenarya ak Tit I an, n ap òganize (jounen entegrasyon pou Elèv matènèl (K-Round Up) nan mwa Me a pou tout elèv Matènèl k ap antre yo. N ap envite paran yo ak elèv yo nan evènman sa a. Paran yo ap resevwa enfòmasyon sou pwosedi lekòl la, sou fason pou yo vin yon volontè epi resevwa materyèl lekòl la pou ede nan tranzisyon pitit yo a epi koumanse ane lekòl la.
3	McKinney-Vento/CHIPS	Tout fanmi CHIPS ki kalifye yo resevwa yon lojman ak resous nan men lekòl nou an. N ap envite elèv CHIPS yo nan Pwogram Metòd Ansèyman Endividyèl Tit 1 nou an nan lis priyorite a. Pandan sezon fèt yo, fanmi sa yo ap resevwa kupon alimantè. Elèv yo ap kreye yon lis swè pou epòk nwèl epi n ap achte jwèt pou elèv yo. N ap bay elèv ki bezwen yo abiman Halloween

Reyinyon Anyèl pou Paran (Sware Tit I)

Lekòl la pral òganize yon reyinyon anyèl nan objektif pou enfòmè paran elèv ki patisipan yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, nati pwogram Tit I an (asistans nan nivo lekòl la oswa asistans ki sible), epi dwa paran yo genyen atravè aktivite ki vini annaprè yo:

Kontak Tit I ak direktè yo se jeneralman pati ki reponsab yo. Si w pa sèten, gen prèv ki egziste pou chak kolòn, tanpri pale ak Kontak Tit I ou a.

Nòt: Mwen te ranpli pifò enfòmasyon yo ansanm ak kontak Tit I mwen an pou evènman sa a - tanpri reponn seksyon yo souliyen nan sa ki rete yo.

	Pwogram	Moun ki Responsab la	Kalandriye	Prèv Efikasite
1	Lekòl la ap òganize yon Reyinyon Anyèl pou Paran pandan de (2) premye mwa lekòl la, epi l ap enfòmè paran yo atravè medya sosyal yo, sit entènèt lekòl la, Remind, ak Blackboard.	Kontak Medya pou Tit 1	9 Septanm 2024	Fèy Anrejistreman, Prezantasyon PowerPoint PFEC a, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Bwochi Sware Tit I an.
2	Devlopman yon ajanndan pou Reyinyon Anyèl pou Paran.	Kontak Tit 1	Septanm 2024	Ajannda Konplè.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

3	Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri a) pou Reyinyon Anyèl pou Paran an.	Kontak Tit 1	Septanm 2024	Kopi prezantasyon ki sòti nan Distri PFEC a, lis verifikasyon planifikasyon Sware Tit I an.
4	Fè piblisite epi enfòmè paran yo atravè medya sosyal yo, sit entènèt lekòl la, Remind, ak Blackboard.	Medya Kontak Administrasyon	Septanm 2024	Medya sosyal yo, sit entènèt lekòl la, Remind, ak Blackboard. Y ap soumèt foto ekran yo bay Ajan Lokal Edikasyon (Local Education Agency, LEA) an

Reyinyon Paran ki Fleksib

Kòman lekòl la pral ofri opòtinite ki fleksib pou paran ak fanmi yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize epi ki pèmanan yo?

Se pa sèlman sa yo men ladan yo gen: nan varye lè reyinyon yo, nan poze paran yo kesyon pou konnen ki lè k ap pi bon, nan òganize diferan aktivite angajman paran nan maten ak nan aswè, nan fè reyinyon anliy, nan enfòmè yo atravè plizyè mwayen, nan fason pou modifiye orè yo selon fidbak yo ak moun k ap asiste yo, nan pibliye enfòmasyon anliy pou paran ki pa t ka patisipe yo, elatriye.

Fraz sou fòm pwèn yo ap sifi.

Reyinyon fleksib yo disponib nan maten, pandan jounen lekòl la, epi apre lekòl, ni videyo anliy yo tou. Reyinyon anliy nou yo ap fèt atravè lyen YouTube Live nou an: Lyen yo ap afiche sou sit entènèt lekòl la epi n anonse yo anvan reyinyon an. Pandan evènman sa yo, Key Largo School gen sèvis gadri ki disponib. N ap afiche pwosevèbal reyinyon yo ak ajannda yo anliy tou. Anplis, gras ak Sondaj Tit I an, paran yo ka chwazi lè reyinyon k ap pi bon pou yo a.

Ranfòsman Kapasite – Aktivite/Atelye pou Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap mete aktivite ki vin apre yo sou pye, yon fason pou ranfòse kapasite yon angajman pwospè bò kote paran ak fanmi yo, epi pou soutni yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo ap favorize reyisit elèv yo ak akonplisman rezilta akademik yo.

	Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Rezilta Elèv	Kalandriye	Prèy Efikasite
1	Rankont Anyèl Tit I avèk Jounen Pòt Ouvè	Kontak Tit 1	Elèv yo ak paran yo gen pou rankontre ak pwofesè yo pou yo pale sou sa kou yo egzije epi pou bay fidbak sou pèfòmans elèv la.	9 Septanm 2024	Fèy anrejistreman, Prezantasyon PowerPoint PFEC a, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Bwochi Sware Tit I an.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

2	Rankontre Pwofesè a	Kontak Tit 1	Enfòmè paran yo sou dwa yo konsènan pwogram Tit I yo, finansman, estati pwofesè ki gen gwo kalifikasyon yo ak opòtinite aprantisaj pwolonje apre jounen lekòl nòminal.	Dawout	Fèy anrejistreman
3	Premye reyinyon SAC pou diskite sou sware paran Tit I an, Pwogrè Anyèl Sifizan (Adequate Yearly Progress, AYP) ak kontra lekòl pou ane 2025-2025 lan	Administrasyon	Revize plan patisipasyon paran, rezilta akomplisman elèv yo, ak kontra a.	Dawout	Ajannda SAC, pwosevèbal SAC yo, fèy anejistreman SAC a, dokiman siplemantè ki prezante yo
4	Sware Lekti/sware Kourikouloum	Ekip Alfabetizasyon	Pwogram nan gen objektif pou ede paran yo ranfòse reyisit pitit yo nan lekòl la atravè yon seri atelye lekti ak nòt elèv yo.	Janvye	Fèy anrejistreman, ajannda konplè, dokiman pètinan
5	Manje bagay ki dous ak yon moun ou renmen	Kontak Tit 1	Paran yo ak etidyan yo vizite bibliyotèk la epi pou yo li ansanm. Anseye enpòtans lekti epi kreye yon lyen ak yon modèl	Fevriye	Ajannda konplè, Fèy anrejistreman, Bwochi, fidbak, ak ogmantasyon pèfòmans nan Lang, ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA).
6	Espektakilè epi Efreyan	PTA	Se administrasyon lekòl la ak PTA a k ap dirije evènman sa a. Evènman sa a ap ede paran yo anseye lespri espòtif, fason pou swiv konsiy, kominikasyon famiyal pozitif, ak konpetans sosyal.	Oktòb	Ajannda, bwochi/piblisite
7	Festival Eritaj Ispanik	Depatman ELL	Ogmante konpreyansyon kilti Ispanik la ak tolarans pou diferans ki genyen nan mitan elèv yo. Sa ap bay resous epi ranfòse yon lyen fò ant lakay ak lekòl la pou fanmi ELL nou yo.	Oktòb	Fèy anrejistreman, ajannda ki konplè, bwochi
8	Jounen entegrasyon pou nouvo elèv matènèl yo	Responsab Enskripsyon ak ekip Administratif Lekòl la	Li fèt pou familiarize paran yo ak fonksyonman entèn lekòl la, fason pou pale ak manm pèsònèl la epi pou bay estrateji aprantisaj pou lakay.	Me	Bwochi, ajannda konplè, fèy anrejistreman, sondaj pou jwenn fidbak paran yo



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

10	Sware Fanmi Avansman Atravè Detèminasyon Endividyèl (Advancement Via Individual Determination, AVID) ak Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atizay ak Matematik (Science, Technology, Engineering, Arts, and Mathematics, STEAM) yo - Sware Kourikouloum	Pwofesè syans yo ak PTA	Prezantasyon pwojè nan fwa Syans Teknoloji, Enjenyeri ak Matematik (Science, Technology, Engineering, and Mathematics, STEM) nan tout nivo. Elèv yo ap gen okazyon pou patisipe nan yon seri aktivite manyèl STEAM ak paran yo.	Janvyè	Ajannda, Fèy anrejistreman, pwogrè aprantisaj amelyore nan STEAM
12	Dènye reyinyon SAC nan mwa Me	Administrasyon	Revize plan angajman paran an, kontra yo, ak sondaj yo epi diskite sou rekòmasyon yo epi sou pwogram yo pou ane k ap vini an.	Me	Ajannda ak pwosevèbal SAC, fèy anrejistreman SAC, rezilta sondaj pou finisman ane PFE Tit I an, sondaj pou finisman ane pou paran PFE yo, prè anrejistre konsènan kontribisyon ak fidbak paran yo
13	Konferans Tit I pou Elèv yo ak Paran yo	Ekip Kontak Tit I an	Amelyorasyon nan konpòtman ak pwogrè akademik,	Nan plizyè moman nan ane a; Selon bezwen yo	Fèy anrejistreman, orè, bwochi, piblisite

Fòmasyon pou Manm Pèsonèl

Lekòl la pral bay aktivite devlopman pwofesyonèl ki vini annaprè yo pou edike epi sipòte pwofesè ak manm pèsonèl lekòl la sou fason pou rive fè kontak avèk paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè ki egal.

Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Rezilta Elèv	Kalandriye	Prè Efikasite
Fòmasyon PFE 1: Retounen nan Bazik – Teknik Kominikasyon Familyal Efikas	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Nan amelyore kalite ak konsistans kominikasyon ant pèsonèl lekòl la ak fanmi yo, sa pral sipòte dirèkteman yon anviwònman kote fanmi yo ak lekòl yo travay ansanm nan yon fason pwodiktif pou amelyore rezilta elèv yo.	Oktòb 2024	Ajannda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

Fòmasyon PFE 2: Òganize Konferans Efikas ant Paran ak Pwofesè	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Konferans efikas ant paran ak pwofesè favorize patenarya ki pi solid, sipò rapid ak objektif akademik ki pi klè, ki pral kontribye nan pi bon rezilta elèv yo.	Janvye 2025	Ajannda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 3: Ranfòse Kapasite Fanmi yo pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Ranfòse kapasite fanmi yo pou sipòte aprantisaj kreye yon koneksyon ant lakay ak lekòl ki pi solid epi asire yon ranfòsman akademik konsistan. Sa a pral ede amelyore rezilta elèv yo sitou konsènan <i>regresyon ete</i> nan aprantisaj.	Avril 2025	Ajannda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo

Lòt Aktivite

Lekòl la pral òganize yon seri aktivite, li pral mete resous disponib pou fanmi yo epi li pral bay ankourajman ak sipò pou fanmi yo yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo gras ak:

Key Largo School gen òdinatè nan Sant resous pou Paran yo. Òdinatè yo disponib nan sant lan pou paran ki bezwen aksè nimerik nan Focus, Google Classroom, ak aksè nan sit entènèt lekòl la. Kit pou pote lakay, liv, ak yon seri aktivite disponib tou, ansanm ak yon seri resous kominotè pou ede paran yo.

Kominikasyon

Lekòl la pral bay paran timoun ki ap patisipe yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo gras ak:

N ap pataje pwogram Tit I yo ak enfòmasyon adisyonèl ak paran yo atravè "Meet the Teacher" Sware Pòt Ouvè Tit I yo, Konferan Paran-Pwofesè yo, ak Reyinyon chak mwa SAC yo, anplis paj medya sosyal apwouve lekòl la genyen yo, notifikasyon atravè Remind ak Blackboard, tèks mesaj ak imèl.

Kominikasyon (swit)

Nou ap pataje deskripsyon ak eksplikasyon sou kourikoulòm akademik, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo, ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo atravè:

- Swivi Pwogrè nan Sistèm Swivi Pedagojik pou Pwofesè yo, (Formative Assessment System for Teachers, FAST) pou klas 3èm jiska 8èm ane
- Suivi Pwogrè nan Tès Estandadize pou Evalyasyon Lektè (Standardized Test for the Assessment of Reading, STAR) pou elèv matènèl yo jiska 2èm ane
- Evalyasyon Endikatè Pwogrè istasyon (Istation's Indicators of Progress, ISIP) chak mwa
- Dyagnostik Snapshot IXL



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

N ap afiche Rezilta FAST ak STAR yo sou Focus pou paran yo ak etidyan yo. N ap voye rapò rezilta evalyasyon yo bay paran yo lakay yo. N ap pataje rezilta ISIP yo pandan konferans pou paran yo.

Nou prevwa konferans pou paran apre chak swivi pwogrè pou egzamine pwogrè alèw yo. Diskisyon avèk antrenè yo epi reyinyon ekip pou egzamine pwogrè elèw yo. Egzamine nivo reyisit elèw yo pou òganize lis ansèyman endividyèl la.

Kominikasyon (swit)

Posibilite pou reyinyon regilyè pou fè sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo;

Key Largo School ap òganize reyinyon PTA ak SAC chak mwa nan bibliyotèk lekòl la. Paran yo ka bay administrasyon an fidbak dirèkteman. Paran yo ka asiste reyinyon yo an pèsòn, men yo gen posibilite pou yo antre nan tout reyinyon yo anliy sou lyen Youtube nou an pou patisipe epi bay fidbak. N ap ajoute tout diskisyon yo ak kòmantè yo nan pwosevèbal SAC a epi n ap afiche yo sou sit entènèt lekòl la. Nou prevwa konferans pou paran apre chak swivi pwogrè pou egzamine pwogrè alèw yo.

Kominikasyon (swit)

Yon mwayen pou dokimante kòmantè/preyokipasyon paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl la /Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo (Parent and Family Engagement Plan, PFEP), lè yo pa satisfè paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la ap enkli yon dokimantasyon sou kòmantè/preyokipasyon/kesyon paran yo avèk plan an, l ap mete l disponib pou ajans edikasyon lokal la (Local Education Agency, LEA):

Pandan reyinyon SAC yo, paran yo ap ka bay fidbak, n ap note yo nan pwosevèbal reyinyon an. N ap mande paran yo tou pou yo ranpli plizyè sondaj pandan ane a, k ap sèvi pou bay administratè yo fidbak pou n ka devlope plan eskolè nou yo. Nan sondaj sa yo gen sondaj sou Agajman paran yo nan Koumansman ak nan Finisman Ane a, sondaj sou itilizasyon fon federal yo, epi sondaj evalyasyon ak retou enfòmasyon Tit I PFEP/SIP a. Nou pral note prèv konsènan kontribisyon paran yo, ki gen ladan kòmantè ki montre ensatisfaksyon, epi nou pral soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an.

Aksesibilite

Lekòl la pral bay tout fanmi yo tout opòtinite pou patisipe nan aktivite angajman paran ak fanmi yo (ki gen ladan yo paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran ki migran yo, epi timoun ki sanzabri yo):

Sit entènèt Lekòl ak Distri nou an, an konfòmite ak Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo. Nan sit entènèt Key Largo School la, gen yon meni tradiksyon pou pèmèt paran yo tradui tout sit entènèt la nan lang panyòl si sa nesèsè. KLS gen plizyè manm pèsònèl bileng ki disponib



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT LEKÒL LA

2024-2025

pou ede paran yo nan kesyon apèl telefonik, KLS bay dokiman eskolè ak piblisite pou aktivite nan lang panyòl ak kreyòl si sa nesèsè. Nou itilize yon seri rapò Focus flitre pou idantifye fanmi ki ka bezwen yon soutyen oswa resous siplemantè (sa vle di, etidyan ki sanzabri, etidyan ak fanmi K ap aprann anglè (English Learner, EL) yo. Nou gen manm pèsònèl sou sit la k ap sèvi kòm tradiktè lè sa nesèsè.

Baryè

Dekri baryè ki te anpeche patisipasyon paran yo pandan ane eskolè anvan an ak ki etap lekòl la pral pran pandan ane lekòl aktyèl la pou simonte baryè yo (avèk atansyon patikilyè yo bay paran/fanmi ki andikape yo, ki pa fin konprann Anglè yo, ak paran/fanmi timoun migran yo).

Key Largo School, aprè li fin egzamine Plan Angajman Paran ak Fanmi ane anvan yo ak opinyon ki akonpaye yo, rekonèt egzistans baryè ki vini annaprè yo pou angajman paran ak fanmi.

Baryè (ki gen ladan sougwoup espesifik)	Etap Lekòl la pral Pran pou Simonte
Enterese yo pa p ka asiste akòz anons la te fèt anreta epi akòz dat ak lè yo òganize evènman yo.	N ap anonse evènman eskolè yo omwen 10 jou alavans atravè yon seri rapèl pwogram n ap voye atravè mesaj tèks nan telefòn Atravè BlackBoard nan twa jou anvan avènman an. N ap pataje enfòmasyon yo atravè platfòm kominikasyon pwofesè yo nan sal klas yo.
Enterese yo pa p ka patisipe nan reyinyon SAC yo akòz gadri, lè travay oswa transpò.	SAC disponib sou lyen dirèk chèn Youtube Key Largo School la pou gade ak patisipe atravè bwat diskisyon an,
Entrese yo pa p ka patisipe nan avènman yo akòz travay, gadri, ak pwogramasyon yo.	Òganize evènman yo nan diferan jou nan semèn nan. Varye lè yo pou paran yo ka gen posiblite pou yo patisipe nan jou ak nan lè yo disponib.